

SOAL ULANGAN

BAHASA JAWA, KELAS 7, SEMESTER GASAL

A. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi milih wangsulan a, b, c, utawa d kang kok anggep bener!

1. Basa krama iku digunakake kanggo sapa wae?
 - a. Anak marang wong tuwa
 - b. Wong tuwa marang anak
 - c. Guru marang murid
 - d. Simbah marang bapak
2. Basa ngoko lugu iku digunakake kanggo sapa wae?
 - a. Wong tuwa marang wong dewasa
 - b. Bocah mbasakake awake marang wong tuwa
 - c. Siswa karo kancane
 - d. Wong tuwa kang durung akrab
3. Basa ngoko alus iku digunakake kanggo sapa wae?
 - a. Yen pinuju ngudarasa
 - b. Sapadha-padha kang durung kulina
 - c. Kanggo sesorah
 - d. Wong tuwa marang wong dewasa kang luwih dhuwur pangkate
4. “Mbak Dina mau sida tindak Sleman apa ora?” Ukara iku nganggo basa apa?
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko Alus
 - c. Krama Lumrah
 - d. Krama Alus
5. Kepiye basa krama alus “Simbah menyang pasar toko bubur”.....
 - a. Simbah kesah peken mundhut bubur
 - b. Simbah tindak peken tumbas bubur
 - c. Simbah kesah peken tumbas bubur
 - d. Simbah tindak peken mundhut bubur
6. “Kondur saking peken, ibu ngasta roti kalih kresek”. Ukara iku nganggo basa apa?
 - a. Ngoko lugu
 - b. Ngoko Alus
 - c. Krama Lumrah
 - d. Krama Alus
7. “Nalika Budhe Nurul saking kantor, kula nembe sega kucing”. Tembung sing bener kanggo njangkepi titik-titik yaiku....
 - a. Wangsul, dhahar
 - b. Wangsul, nedha
 - c. Kondur, nedha
 - d. Kondur, dhahar
8. Ukara ing ngisor iki endi kang bener miturut unggah-ungguhing basa yaiku
 - a. Simbah diparingi dhaharan dening ibu.
 - b. Ibu nembe tumbas gendhis.
 - c. Bapak kesah dhateng Surabaya.
 - d. Aku ningali TV ing kamar.
9. “Nyuwun pangapunten bu, kula badhe.....dalemipun Bapak Roni wonten pundi?
 - a. Tanglet
 - b. Nuwun pirsu
 - c. Mundhut pirsu
 - d. Nyuwun pirsu
10. Salsa arep takon jenenge Mas Dhimas. Becike kepiye anggone matur?
 - a. Namanipun panjenengan sinten?
 - b. Asmanipun panjenengan sinten?
 - c. Jenengipun panjenengan sinten?
 - d. Asmanipun sampean sinten?

B. Isinen titik-titik ing ngisor iki kanthi bener miturut unggah-ungguh basa!

1. Mbak Ayu TV mau sore.
2. Dhek Yudha pit menyang Malioboro.
3. Mbah Sastro koran ing ngarep omah.
4. Nalika Paklik Budi lagi kopi, Bulik Sinta nembe kantor.
5. kula Rudi Saputra, dene Ibu kula Siti Nurhayati.

KUNCI JAWABAN
SOAL ULANGAN HARIAN KELAS VII

A.

- 1. A**
- 2. C**
- 3. D**
- 4. B**
- 5. D**
- 6. D**
- 7. C**
- 8. A**
- 9. D**
- 10. B**

B.

- 1. Mirsani**
- 2. Numpak**
- 3. Ngunjuk, tindak**
- 4. Nama, asma**

SOAL ULANGAN HARIAN 1
BAHASA JAWA, KELAS 8, SEMESTER GASAL

A. Wangsulana pitakonan ing ngisor iki kanthi patitis!

1. Keping patrape awak nalika matur dening Ibu Guru badhe nyuwun idin amarga telat mlebu kelas?
2. Kados pundi aturipun siswa nalika nyuwun kawigatosan dhateng kancanipun menawi badhe suka wara-wara?
3. Gawe ukara kang isine pangalembana marang kanca kang juara lomba maca geguritan!
4. Kadospundi aturipun siswa nalika nyuwun idin dhateng Guru rikala pamit badhe nilaraken kelas?
5. Kadospundi aturipun siswa nalika nyuwun pangapunten dhateng guru amarga telat mlebu kelas!

B. Golekana bebasan utawa paribasan pitakonan ing ngisor iki!

1. Apa tegese bebasan “Becik ketitik ala ketara”?
2. Apa tegese bebasan “Idu didilat maneh”?
3. Terangna tegese bebasan “Cedhak kebo gupak”!
4. Terangna tegese paribasan “Ana catur mungkur”!
5. Apa tegese paribasan “Jer basuki mawa bea”?
6. Pak Sugeng pancen wong kang apik bebudine. Sumeh marang liyan lan gampang tetulung marang sapadha-padha. Ora mokal yen Dhimas, putra ragilipun anduweni sipat kang padha karobapake. Dhimas uga bocah kang sumeh lan gampang tetulung marang liyan.
Paribasane?
7. Dadi bocah iku kudu bisa njunjung drajate wong tuwa. Senajan urip pas-pasan, ora keduman bandha donya kanthi prayoga, nanging kudu bisa anggawe bagya mulyaning kulawarga. Uga bisa mendhem apa kang dadi wadining kulawarga, ora sesumbar marang liyan bab awon kang ana ing kulawargane.
Paribasane?
8. Danang Prasetya bocah kang ora pantes dituladha. Durung suwe iki bocah iku dicekel polisi amarga numpak sepedha motor nanging durung duwe SIM lan ora nganggo helm. Perkara iku tekan wong tuwane lan wong tuwane uga katut ditimbali menyang kantor polisi. Amarga saka polahe anak, wong tuwane melu nanggung wirang.
Bebasane?
9. Deswita iku bocah kang becik bebudene amarga guneme becik lan tata basane bener nalika guneman karo wong tuwane lan karo wong liya. Mula dheweke diajeni wong liya.

Paribasane?

10. Ambarwati bocah kang umyek guneman dhewe lan seneng dandan. Nalika didhawuhi apa wae dening wong tuwane mesti wae ora bisa ngrampung pagaweyane.

Bebasane?

KUNCI JAWABAN

SOAL ULANGAN HARIAN 1 BAHASA JAWA KELAS VIII

A.

1. Awak rada mbungkuk, tangan ngapurancang, lan matur sing apik
2. Kanca-kanca kabeh, aku njaluk kawigatenmu sedhela. Iki ana wara-wara saka OSIS yen mengko ana Latian Tonti jam 2 awan. Matur nuwun.
3. “Wah, kowe pancen pinter tenan maca geguritan, pantes yen sliramu dadi juara 1”
4. Nuwun sewu pak, kula badhe nyuwun idin badhe dhateng pakiwan
5. Nuwun sewu bu, nyuwun pangapunten kula telat mlebet kelas amargi kalawau ban pit kula bocor. Menawi kepareng kula badhe dherek pelajaran.

B.

1. Apik alane wong bakal ketara ing tembe mburine
2. Wong kang ora nduwe pendirian
3. Cedhak wong ala bakal ketularan ala
4. Ngadohi wong kang ngrasani wong liya
5. Samubarang gegayuhan mbutuhake wragat
6. Kacang ora ninggal lanjaran
7. Mikul ndhuwur mendhem njero
8. Anak polah bapa kepradah
9. Ajining ana ing lathi
10. Kenes ora ethes